EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejar




# THE CONCEPT OF DOMESTIC VIOLENCE AND ITS SIGNS

**Begnazarova Kamila Maxmud qızı**
Master's student at Karakalpak State
University named after Berdakh,
Nukus, Uzbekistan
https://doi.org/10.5281/zenodo.20053771

**ARTICLE INFO**

Received: 28th April 2026
Accepted: 05th May 2026
Online: 06th May 2026

**KEYWORDS**

*Domestic violence, signs of violence, physical violence, psychological violence, economic violence, sexual violence, latent crime, systematic violence, dependent victim status, legal protection, criminological analysis.*

**ABSTRACT**

*This article examines the concept of domestic violence as one of the pressing social and legal issues of modern society. The main approaches to defining this phenomenon, its essence, and the features of its manifestation in the family sphere are analyzed. Special attention is paid to the signs of domestic violence, including physical, psychological, economic, and sexual impacts, as well as their interconnections and consequences for the individual and society. Characteristic features of violence in family and domestic relations, such as systematicity, latent nature, and the dependent position of the victim, are revealed. The work also emphasizes the need for timely identification of signs of violence and the improvement of legal protection mechanisms for victims.*

# ПОНЯТИЕ НАСИЛИЯ В СЕМЬЕ И ЕГО ПРИЗНАКИ

**Бегназарова Камила Махмуд қызы**
магистрант Каракалпакского государственного Университета
имени Бердаха, Нукус, Узбекистан
https://doi.org/10.5281/zenodo.20053771

**ARTICLE INFO**

Received: 28th April 2026
Accepted: 05th May 2026
Online: 06th May 2026

**KEYWORDS**

*Домашнее насилие, признаки насилия, физическое насилие, психологическое насилие, экономическое насилие, сексуальное насилие, латентность преступности, систематичность насилия, зависимое положение жертвы, правовая защита, криминологический анализ.*

**ABSTRACT**

*В данной работе рассматривается понятие семейно-бытового насилия как одной из актуальных социальных и правовых проблем современного общества. Анализируются основные подходы к определению данного явления, его сущность и особенности проявления в семейной сфере. Особое внимание уделяется признакам семейно-бытового насилия, включая физическое, психологическое, экономическое и сексуальное воздействие, а также их взаимосвязи и последствиям для личности и общества. Раскрываются характерные черты насилия в семейно-бытовых отношениях, такие как систематичность, латентность и зависимое положение жертвы. В работе также подчеркивается необходимость своевременного выявления признаков насилия и совершенствования механизмов правовой защиты пострадавших лиц.*

EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejar

# SHAŃARAQTAǴÍ ZORLÍQ TÚSINIGI HÁM ONÍŃ BELGILERI

**Begnazarova Kamila Maxmud qızı**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq
mámleketlik universiteti magistrantı, Nókis, Ózbekstan
https://doi.org/10.5281/zenodo.20053771

**ARTICLE INFO**

Received: 28th April 2026
Accepted: 05th May 2026
Online: 06th May 2026

**KEYWORDS**

*Shańaraqtaǵı zorlıq, zorlıq belgileri, fizikalıq zorlıq, psixologiyalıq zorlıq, ekonomikalıq zorlıq, jınısıy zorlıq, jınayachılıqtıń latentligi, zorlıqtıń sistemalılıǵı, jábirleniwshiniń ǵárezliligi, huqıqıy qorǵaw, kriminologiyalıq analiz.*

**ABSTRACT**

*Bul maqalada shańaraqlıq-turmıslıq zorlıq túsinigine házirgi jámiyettiń áhmiyetli sociallıq hám huqıqıy mashqalalarınan biri sıpatında qaralǵan. Bul qubılıstı anıqlawdaǵı tiykarǵı kózqaraslar, onıń mazmun-mánisi hám shańaraq tarawındaǵı kórinisleriniń ózine tán tárepleri analizlenedi. Shańaraqlıq-turmıslıq zorlıq belgileri, fizikalıq, psixologiyalıq, ekonomikalıq, jınısıy tásirler, olardıń óz-ara baylanıslılıǵı, shaxs hám jámiyet ushın aqıbetlerine ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Shańaraqlıq-turmıslıq qatnasıqlardaǵı zorlıqtıń xarakterli tárepleri sistemalılıq, latentlik, jábirleniwshiniń ǵárezli jaǵdayın ashıp beriledi. Sonday-aq, maqalada zorlıq-zombılıq belgileri óz waqtında anıqlanıwı hám jábirlengen shaxslardı huqıqıy qorǵaw mexanizmlerin jetilistiriw zárúrligi atap ótilgen.*

Mámleketimizde ámelge asırılıp atırǵan reformalardıń túp mánisinde insan hám onıń mápleri ústin esaplanadı, gózlengen maqsetke erisiwde turmısımızdıń ajıralmas bólegine aylanǵan shańaraqtıń ornı bolsa sheksiz.

Jámiyettegi hár qanday illetke qarsı gúresti shańaraqtan baslasaq ǵana onı tamırı menen qurıtıw múmkin. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 76-statyasına muwapıq, shańaraq jámiyettiń tiykarǵı buwını esaplanadı hám de jámiyet hám mámleket qorǵawında bolıw huqıqına iye.

Konstituciyanıń 26-statyasında bolsa, hesh kim qıynawǵa salınıwı, zorlıqqa, miyrimsiz yamasa insan qádir-qımbatın kemsitiwshi basqa túrdegi kúsh kórsetiwge duwshar etiliwi múmkin emesligi belgilep qoyılǵan[1].

Ózbekstan Respublikasınıń Jınayat kodeksi eń áhmiyetli jámiyetlik qatnasıqlardı qorǵay otırıp, shaxs, onıń huqıq hám erkinlikleri hámde nızamlı máplerin qorǵawdı birinshi orınǵa qoyadı. Insan ómiri hám densawlıǵına qarsı jınayatlarǵa baylanıslı normalar Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksiniń Arnawlı bóliminiń ayrıqsha babında jámlengeni tosınnan emes. Bunday qılmıslar qatarında shańaraqta shaxsqa qarsı zorlıq isletip islenetuǵın qılmıslardıń jámiyetlik qáwipliligin ayrıqsha tán alıw orınlı.

Solay eken, bul kategoriyadaǵı jınayatlardı analizlew, olardıń aldın alıwdıń nátiyjeli mexanizmlerin islep shıǵıw búgingi kúnde úlken áhmiyetke iye. Shaxsqa zorlıq isletip júz beriwshi jinayatlardıń aldın alıw boyınsha pikir júrgiziwden aldın, «zorlıq», «shaxsqa

[1] Ózbekstan Respublikasının Konstituciyası. https://lex.uz/docs/6445145

qarsı zorlıq isletiw» sıyaqlı túsiniklerdiń mazmunın túsinip alıw kerek.

Zorlıqtıń kriminologiyalıq sıpatlaması, sebebi, sharayatları, tábiyatı, sociallığı hám belgileri haqqında jınayat-huqıqıy hám kriminologiyalıq ádebiyatlarda túrlishe túsinikler berilgen. Bir qatar ilimiy hám yuridikalıq ádebiyatlardı analizlew hám de ulıwmalastırıw sonı kórsetedi, pánde elege shekem «zorlıq» hám «zombılıq»qa tiyisli birden-bir túsinik joq. «Zorlıq» hám «zombılıq» túsiniklerine túrli taraw qánigeleri tárepinen itibar qaratılǵan bolsa da, bul haqqında birden-bir juwmaqqa kelinbegen.

Áwele, kúsh isletiw-jámiyetlik-huqıqiy túsinik[2]. Zorlıq - bir adamnıń ekinshi adamdı zorlıq, fizikalıq kúsh qollanıw jolı menen qorlawı, jábir-zulım etiwi[3] yamasa shaxstıń konstituciya menen kepillengen jeke qol qatılmaslıǵı buzılıwına sebep bolatuǵın, bir shaxstıń ekinshi bir shaxsqa fizikalıq yamasa ruwxıy tásir ótkeriwi[4].

Ayırım ádebiyatlarda zorlıq - bir adamnıń basqa bir adamǵa qarata zorlıq etiwi, kúsh qollanıw jolı menen zorlawı, zulımlıq etiwi sıpatında keltirilgen. Ol insandı fizikalıq hám ruwxıy zorlaw yaki zulım etiw formasında kórinedi[5].

Sonday-aq, mámleket basqarıwında usı atama menen baylanıslı ayrıqsha teoriya - «zorlıq teoriyası» islep shıǵılǵan. Oǵan kóre, kúshlilik teoriyası jámiyetti boysınıwda uslap turıw yaki kúsh penen ózgertiw xızmetin ámelge asırıwshı jumıstı túsindiriwshi siyasiy táliymatlardan biri, mámlekettiń payda bolıwı hám ámel etiwi haqqındaǵı kóz-qaraslar, pikir hám oy-pikirlerge tiykarlanǵan teoriya[6] esaplanadı.

Biraq, izertlew teması da shańaraqtaǵı zorlıq jınayıy-huqıqıy tarawdıń tiykarǵı túsiniklerinen biri esaplanadı. Bul boyinsha M.Musaev[7] hám S.Niyozovalar[8] zorlıqtıń huqıqqa qarsı ekenligin ayrıqsha atap ótedi. Atap aytqanda, S.Niyozova zorlıq túsinigine tómendegi anıqlamanı usınadı: zorlıq - bul jábirleniwshiniń qáwipsizligine qastan, nızamǵa qayshı túrde jınayıy qáwip salıw, onıń organizmine (organları, toqımaları hám olardıń fiziologiyalıq funkciyaları) erkine qarsı (yamasa onnan tısqarı) fizikalıq (energetikalıq) yamasa ruwxıy (informaciyalıq) tásir etiw jolı menen fizikalıq yamasa ruwxıy zıyan jetkeriw[9].

Aytıp ótiw orınlı, bul zorlıqlar derlik shańaraqta júz berip, insannıń erk-ıqrarına qarsı túrde fizikalıq kúsh isletiw

---

[2] *Шестаков Д.А. Семейная криминология: Криминофамилистика. –СПб.: Юридический центр пресс, 2003. –С. 175.; Алауханов Е.Х. Криминология: Учебник. –СПб.: Юридический центр пресс, 2013. –С. 236*

[3] *Ўзбекистон юридик энциклопедияси. –Т., 2009. – Б. 199.*

[4] Узбекистан миллий энциклопедияси. Т.4. -Т., 2002. - Б. 47.

[5] Юридик энциклопедия. - Т., 2001. - Б. 171.

[6] *Фалсафа: қомусий луғат. / Масъул муҳаррир: Қ.Назаров.–Т.: Шарқ, 2004. –Б. 137.*

[7] Мусаев М.А. Ҳаётга карши жиноятлар: назария ва амалиёт муаммолари. - Т.: Шарк, 2011. - Б. 167.

[8] Ниёзова С.С. Шахсга карши зурлик ишлатиб содир этиладиган жиноятларнинг виктимологик назарияси (Монография). - Т.: ТДЮИ, 2011. - Б. 22.

[9] Ниёзова С.С. Шахсга карши зурлик ишлатиб содир этиладиган жиноятларнинг виктимологик назарияси (Монография). - Т.: ТДЮИ, 2011. - Б. 22.

yamasa ruwxıy tásir etiw arqalı ámelge asırıladı. Shaxsqa kúsh kórsetiw qollanılıwında onıń ıqtıyarına qarsı bolǵan is-háreketler ámelge asırıladı.

Shańaraqtaǵı zorlıq shaxsqa qarsı nızamsız kúsh isletiw, tayaqlaw, zorlaw, májbúrlew, tásir kórsetiw, óz ústemligin ótkeriw sıyaqlı belgiler arqalı kórsetiledi. Ol tiykarınan fizikalıq yamasa ruwxıy kóriniste bolıwı múmkin. Ruwxıy zorlıq bolsa kóp jaǵdaylarda qorqıtıw (bir shaxstı basqa bir shaxs tárepinen qorqıtıp boysındırıw, ózin kórsetiw yaki ózine baǵınıshlı etiw) túrinde kórsetiledi. Ruwxıy kúsh kórsetiw ashıwlanıwdıń nátiyjesi bolip, bir shaxsti qorqıtıp ózine boysındırıw, onıń «erkine qarsı» yaki «tárbiyalaw» maqsetlerinde qollanılıwı da múmkin. Ol ayıplanıwshıǵa onıń tuwısqanları yaki jaqın adamlarına tikkeley qollanılıwında kórinedi. Jınayat huqıqı kózqarasınan hár qıylı dárejedegi dene jaraqatın jetkeriw, tayaqlaw hám basqa fizikalıq kúsh isletiwdi fizikalıq zorlıq dep bahalaw lazım.

Bizińshe, zorlıq isletiw fizikalıq kúsh yamasa qorqıtıw menen ámelge asırılatuǵın jınayıy is-háreket bolıp tabıladı. Bunda shaxstıń ómiri hám salamatlıǵına qáwip tuwdırıw arqalı huqıq hám erkinligi buzıladı. Bul jaǵdayda tásir etiw degende, jábirleniwshige onıń qálewine qarsı ámelge asırılatuǵın hám oǵan anıq fizikalıq yamasa ruwxıy azap beretuǵın, yaǵnıy zorlıq esaplanatuǵın tásir etiwdi túsiniw kerek.

Zorlıq aqıbetinde shaxstıń denesine azǵana awırıw keltirip shıǵaratuǵın hám ásirese jaǵımsız sezim oyatatuǵın ózgeristi de zorlıq dep ataw múmkin. Zorlıqqa tek ǵana deneniń qol qatılmaslıǵı buzılıwın emes, al shaxsqa tiyisli hár qanday unamsız minez-qulıqtı kirgiziw kerek. Mısalı, shaxs ústinen kúliw, jamanlaw, sógiw sıyaqlılar shaxstıń konstituciyalıq huqıqın buzıw menen birge, oǵan kórsetilgen ruwxıy zorlıq esaplanadı.

Zorlıq túsinigin jınayat-huqıqıy hám kriminologiyalıq túsiniwdegi keyingi mashqala onıń formaları menen baylanıslı. Bizge belgili, dástúriy túrde zorlıq fizikalıq hám ruwxıy zorlıq sıyaqlı formalarga bólinedi. Biraq, ayırım ádebiyatlarda zorlıq bul eki formasınan tısqarı jınısıy zorlıq ta ayrıqsha ajıratıp kórsetiledi.

Fizikalıq tásir kórsetiwshi zorlıq háreketleri qatarına, biziń pikirimizshe, insan denesine kúsh penen tásir etiwdiń hár qanday usılı, yaǵnıy soqqı beriwde kórinbeytuǵın is-háreketlerdi de kirgiziw lazım. Mısalı, shashtan tartıw, qoldı awırtıp uslaw, deneniń qanday da bir bólimin qısıw, awırtıp beriw, iyterip jiberiw hám t.b.

Zorlıqlar qatarına qıynawǵa salıw, jekkelew (ajıratıw), erkine qarsı háreket etiwge májbúrlew yamasa iytermelew, uslap turıw, zorlaw, ermeklew, kemsitiw hám qorlaw sıyaqlılardı kirgiziw múmkin.

Bizińshe, «shańaraqtaǵı jınayıy zorlıq degende shańaraqtıń bir aǵzası tárepinen basqa aǵzasına fizikalıq yamasa ruwxıy tásir kórsetiw yamasa qollanıw menen qorqıtıw arqalı onıń ómiri, densawlıǵı, erkinligi, jınısıy qol qatılmaslıǵı, abırayı, qádir-qımbatı hám nızam menen qorǵalatuǵın basqa da qol qatılmas huqıqları hám nızamlı máplerine qol qatılıw arqalı óz biyligin ótkeriwge qaratılǵan is-háreket yamasa háreketsizlik» túsiniliwi kerek.

**Shańaraqtaǵı jınayıy zorlıqtıń tómendegi túrleri bar:**

Fizikalıq zorlıq jábirleniwshige túrli dárejedegi dene jaraqatların jetkeriw, urıw, fizikalıq kúsh isletiw, jábirleniwshiniń tuwısqanların, jaqınların óltiriw, namısına tiyiw hám basqalar kórinisinde bolıwı múmkin[10]. Bunda shańaraqtıń bir aǵzası tárepinen basqa aǵzasına qarata qastan onıń turmısına, densawlıǵına yamasa denesiniń túrli bólimlerine ziyan jetkeriw sıyaqlı is-háreketler islenip, tómendegi kórinislerde kórinedi: shapalaq tartıw, tepkilew, túrtiw, mush penen urıw; kúshli soqqı menen iyterip jiberiw; túrli ótkir buyım hám zatlardı ılaqtırıw; qural menen qáwip salıw yamasa jaraqatlaw; úyden shıǵıwına fizikalıq jaqtan jol qoymaw; túnde uyqılatpaw.

Ruwxıy kúsh kórsetiw - jábirleniwshige qarata fizikalıq kúsh kórsetiw, mal-múlkin nabıt etiw yaki zıyan jetkeriw hám jábirleniwshi sır saqlanıwın qálegen maǵlıwmatlardı járiyalaw hám basqalar menen qorqıtıw[11]. Ruwxıy kúsh kórsetiw hám fizikalıq kúsh kórsetiw bir-birin talap etetuǵın hám biri ekinshisin tolıqtırǵanda ǵana aqıbet júzege keliwi múmkin. Bunda qastan shańaraqtıń bir aǵzası tárepinen basqa aǵzasınıń ar-namısı hám qádir-qımbatın kemsitiw arqalı onıń psixologiyasına tásir kórsetiw, sezimlerin sóndiriwshi háreketler islew, qorqıtıw hám kemsitiw menen onıń psixikasına zıyan keltiretuǵın sózler hám háreketlerdi islewde kórinedi: sezim hám sezimlerdi tán almaw; ústinen kúliw; jaza sharası sıpatında onıń sezimlerine itibar bermew; jalǵan sózler aytıp, onnan óziniń mápi jolında paydalanıw; dosları hám tuwısqanlarına qáwip salıw menen qorqıtıw hám olar menen baylanısıwǵa jol qoymaw; onıń menen jámiyetlik orınlarǵa shıǵıwdan bas tartıw; shańaraq byudjetin ózi qadaǵalawǵa alıw; tuwısqan ruwlar arasında shermende etiw; úyden ketiwin aytıp qorqıtıw; kesel bolǵanda yamasa hámiledar bolǵanda oǵan járdem beriwden bas tartıw, medicinalıq járdem alıwına qarsılıq kórsetiw.

Shańaraqtaǵı jınısıy zorlıq jınısıy qatnasqa kirisiwge májbúrleytuǵın is-háreketler islew arqalı qorqıtıw yamasa zorlıq islew menen qorqıtıw arqalı shaxstıń jınısıy qol qatılmaslıǵı hám erkinligine qastıyanlıq etiw menen belgilenedi. Mısalı, erkektiń hayalı menen jınısıy obekt sıpatında qatnasta bolıwı; jınısıy baylanıstan bas tartıw yamasa hayalǵa agressiv múnásibette bolıwı; jınısıy baylanısta májbúriy is-háreketler islew; jınısıy baylanıstı oǵada ayawsızlıq penen ámelge asırıw; zorlaw jolı menen jınısıy baylanısqa kirisiwge májbúrlew; dáslep urıp keyin jınısıy baylanıs islew; parnografiyalıq kórinistegi buzıq is-háreketlerdi kóriwge yamasa tákirarlawǵa májbúrlew hám t.b.

Shańaraqtaǵı jınayıy zorlıqtıń yuridikalıq mánisindegi túsinigi onıń haqıyqıy mazmunın taraytadı, sebebi bir qatar jaǵdaylar esapqa alınbaydı:

---

[10] М.Х. Рустамбаев Жиноят ҳуқуқи: Махсус қисм.. Т.: ТДЮИ, 2006. –Б. 42.

[11] Тахиров Ф. Айрим хорижий мамлакатларда жинсий жиноятлар учун жавобгарлик / Масъул муҳаррир ю.ф.д., проф. М.Ҳ.Рустамбоев. –Т: ТДЮИ, 2009. –Б. 95–96.

*birinshiden,* eger fizikalıq zorlıq haqqında sóz júrgiziletuǵın bolsa, onda insan organizmine tikkeley fizikalıq kúsh qollanıw menen tásir kórsetiwdi qosıw múmkin emes. Zorlıqtın bul túrin zorlıq penen sheklew hám de jábirleniwshini erkinen ayırıwǵa kirgiziw talap etiledi.

Ol ádette fizikalıq hám ruwxıy azaptı keltirip shıǵarıwshı, geyde awır fizikalıq hám ruwxıy jaraqatqa (máselen, jábirleniwshini qısta suwıq bólmede uslap turıw) alıp keliwi de múmkin;

*ekinshiden,* zorlıqtı insan organizmine «onıń erkine qarsı» tásir kórsetiw sıpatında kórip shıǵıw da múmkin emes.

Zorlıq etiwdi insanǵa onıń erkinen tısqarı tásir kórsetiw sıpatında táriyplew durısıraq bolar edi, sebebi jábirleniwshi óz erk-ıqrarın kórsetken jaǵdayda, zorlıq etiwshi oǵan qarsı háreket etedi hám bul hár dayım sonday bola bermeydi. Kóp jaǵdaylarda ayıpker jábirleniwshiniń erk-ıqrarın mensinbeydi;

*úshinshiden,* zorlıq islew menen qorqıtıwdı tek fizikalıq zıyan jetkeriw menen qorqıtıwǵa qosıp bolmaydı. Psixikaǵa tek fizikalıq zıyan jetkeriw menen qáwip etiw emes, bálkim basqa máplerge, kóbinese áhmiyeti jaǵınan salamatlıq hám hátte ómirden ayırıwdan qalıspaytuǵın basqa (máselen, abıray, qádir-qımbat, erkinlik, abıray, múlk) qádiriyatlar da tásir etedi;

*tórtinshiden,* zorlıqtı tek tana tikkeley insan erkine tásir kórsetiw sıpatında kórip shıǵılıwı házirgi kúnde biraz tar sıyaqlı kórinedi, sebebi insanǵa tásir kórsetiw nızam menen qorǵalatuǵın basqa nárseler, máselen, materiallıq baylıqlar, múlk arqalı;

Fizikalıq zorlıq bolsa hayal-qızlarǵa hár qıylı dárejedegi dene jaraqatların jetkeriw, qáwip astında qaldırıw, ómiri qáwip astında qalǵan shaxsqa járdem kórsetpew, zorlıq xarakterine iye basqa huqıqbuzarlıqlar islew, fizikalıq tásir ótkeriw yamasa bunday tásir ótkeriwdiń basqa ilajların qollanıw menen qáwip salıw arqalı hayal-qızlardıń ómiri, densawlıǵı, erkinligi hámde nızam menen qorǵalatuǵın basqa huqıqları menen erkinliklerine qol uratuǵın zorlıq túri bolıp tabıladı.

Shańaraq sheńberindegi ruwxıy zorlıq degende, ádette hayal-qızlardı qorlaw, olarǵa jala jabıw, qáwip salıw, olardıń abırayın, qádir-qımbatın kemsitiw, sonday-aq, olardıń erk-ıqrarın sheklewge qaratılǵan basqa háreketlerde kórinetuǵın zorlıq túri, sonıń ishinde reproduktiv tarawda qadaǵalaw, kúsh kórsetiw hám zorlıqtan jábirleniwshiniń óz qáwipsizligi ushın qáweter oyatqan, ózin qorǵay almawǵa alıp kelgen yamasa ruwxıy salamatlıǵına zıyan jetkergen háreket (háreketsizlik) de kórinedi.

Qısqasha aytqanda, shańaraqtaǵı zorlıq-bul ózleriniń jaqınları (tiykarınan hayallar hám balalar) ústinen ústemlik hám qadaǵalaw maqsetinde, ádette bir shaxsqa qarata fizikalıq hám ruwxıy zorlıq etiwde kórinedi.

Ayırım jaǵdaylarda zorlawshınıń fizikalıq hám ruwxıy zorlıǵı nátiyjesinde hayal-qızlar tárepinen jámiyetlik qáwipli qılmıs islew jaǵdayları da baqlanıp atırǵanın atap ótiw kerek.

Insannıń hár qanday is-háreketi bárqulla sanalı hám aqıl-ıqrarı menen islenedi. Sonıń ushın óz háreketleriniń áhmiyetin ańlay almaǵan yaki háreketlerin basqara almaǵan shaxstıń háreketleri, hátteki jámiyetlik qáwipli aqıbetlerge alıp kelgen jaǵdayda da jınayat esaplanbaydı.

Zorlıqqa ushıraǵan hayallar jeńip bolmaytuǵın fizikalıq kúsh yamasa ruwxıy zorlıq tásiri astında nızam menen qorǵalatuǵın jámiyetlik qatnasıqqa qáwip tuwdıratuǵın qılmısı hám onıń aqıbeti ushın juwapkershilikke tartılıwı múmkin emes.

Usı jerde fizikalıq hám ruwxıy kúsh túsinigine toqtap ótiw lazım. Fizikalıq zorlıq degende shaxstıń basqalardıń fizikalıq tásiri astında jámiyet ushın qáwipli qılmıslardı ámelge asırıwı túsiniledi hám bunda fizikalıq tásir onıń erk-ıqrarın pútkilley alıp qoyadı (máselen, er hayalın urıp dene jaraqatın jetkizse yamasa haqoratlasa, nátiyjede hayal ózin qorǵaw maqsetinde erine jeńil, ortasha awır yamasa awır dene jaraqatın jetkizse). Bunday jaǵday Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksiniń 55-statyası «d» bántine muwapıq, jábirleniwshiniń zorlıq, awır kemsitiw yamasa basqa da nızamsız háreketleri sebepli júzege kelgen kúshli ruwxıy sezimleniw jaǵdayında jınayat islew dep tabıladı hám sud tárepinen jaza tayınlawda jazanı jeńillestiriwshi jaǵdaylar sıpatında esapqa alınıwı múmkin.

Jámiyetlik qáwipli qılmıs zárúrli qorǵanıw jaǵdayında islengen jaǵdayda shaxs juwapkershilikke tartılmaydı. Mısalı, er hayalına zorlıq qılıp oǵan zıyan jetkermekshi bolǵanda yaki oltirmekshi bolǵanda, ózin qorǵaw maqsetinde hayal qorǵanıw waqtında eriniń ómirinen ayırıwı, densawlıǵına zıyan jetkeriwi, múlkin nabıt etiwi múmkin. Qorganıw jagdayında zárúr qorganıw shegarasınan shetke shıqpaw kerek. Kerisinshe, islengen jınayatta barlıq zárúr shártler bar bolǵan jaǵdaylarda oydaǵı qorǵanıw qaǵıydaları boyınsha zárúr qorǵanıw yamasa itibarsızlıq aqıbetinde islengen jınayat sıpatında yamasa ulıwma shártler tiykarında qastan yamasa itibarsızlıq aqıbetinde islengen jınayat sıpatında kvalifikaciyalanıwı múmkin.

Ruwxıy zorlıq, degende shaxstı óltiriw materiallıq yaki ruwxıy zıyan jetkeriw menen qorqıtılıwı nátiyjesinde islengen háreket yaki háreketsizligi sebepli jámiyetlik qáwipli aqıbettiń júz beriwi túsiniledi. Ruwxıy tásir nátiyjesinde jetkerilgen zıyan ushın ayıpker aqırǵı zárúrlikten tısqarı barlıq jaǵdaylarda juwapkershilikke tartıladı. Sud jaza tayınlawda bul jaǵdaylardı juwapkershilikti jeńillestiriwshi jaǵdaylar sıpatında itibarǵa alıwı kerek. Qılmıs jámiyetlik qáwipli bolıwı jańa jınayat nızamı menen qorǵalatuǵın jámiyetlik qatnasıqlarǵa zıyan keltire alatuǵın dárejede qáwipli bolıwı kerek.

Usı jerde soraw tuwıladı! Shańaraqtaǵı zorlıqtıń tiykarǵı qurbanları bolǵan hayallar hám balalarǵa fizikalıq hám ruwxıy zorlıqlar nelerde kórinedi? Kópshilik zorlawshılar shańaraqtaǵı ústemliklerin kúsheytiw maqsetinde qanday usıllardan paydalanadı? Bul tiykarınan qısıǵıw kórinisinde kórinedi. Qáwipler bolsa tómendegishe bolıwı múmkin: materiallıq támiyinlemew, yaǵnıy pul bermew (materiallıq támiyinlemew), úyden shıǵarıw, balaların alıp qoyıw yaki olardı kóriw imkaniyatınan ayırıw menen qorqıtıw, denesine jaraqat jetkeriw yaki óltiriw menen qorqıtıw hám t.b. Zorlawshılar qáwipler menen bir qatarda tómendegi háreketler arqalı da ózleriniń ústemligin kórsetiwge urınıwı múmkin: telefonın alıp qoyıw, kiyimlerin jırtıw yamasa jeke buyımların

sındırıw, úyge qamap qoyıw, mushın kórsetiw arqalı qorqıtıw hám t.b.

Zorlıq tiykarınan tómendegi jınayatlardan birin islew arqalı óz kúshin kórsetedi: qastan denege awır (104-statya), ortasha awır (105-statya) yamasa jeńil (109-statya) dene jaraqatın jetkeriw, qıynaw (110-statya), óltiriw yamasa zorlıq islew menen qorqıtıw (112-statya), jınayıy túrde hámileni túsiriw (abort) (114-statya), hayaldı óz hámilesin jasalma túrde túsiriwge májbúrlew (115-statya), qáwip astında qaldırıw (117-statya), namısqa tiyiw (118-statya), jınısıy mútájlikti zorlıq penen tábiyiy emes usılda qanaatlandırıw (119-statya), hayaldı jınısıy qatnas jasawǵa májbúrlew (121-statya), erjetpegen yamasa miynetke jaramsız shaxslardı, ata-ananı materiallıq támiyinlewden bas tartıw (122-123-statyalar), neke jası haqqındaǵı nızam hújjetlerin buzıw (1251-statya), tilenshilik etiw (1271-statya), adam sawdası (135-statya), hayaldı erge tiyiwge májbúrlew yamasa onıń erge tiyiwine tosqınlıq etiw (136-statya) hám taǵı basqalar. Bul qılmıslardı islegen shaxs Jınayat kodeksiniń tiyisli statyası tiykarında juwapkershilikke tartıladı.

Biraq zorlıq penen bir qatarda qısımǵa (basımǵa) ushırap atırǵan hayal-qızlar da joq emes.

Qısım - etkenligi ushın hákimshilik yamasa jınayıy juwapkershilik názerde tutılmaǵan, hayal-qızlardıń ar-namısı hám qádir-qımbatın kemsitiwshi háreket (háreketsizlik).

Joqarıdaǵı analizlerden kelip shıǵıp, «shańaraqtaǵı zorlıq» túsinigine tómendegishe táriyp beriw usınıs etiledi:

*«Shańaraqtaǵı zorlıq - shaxstıń (erli-zayıplı yamasa perzentleri yamasa shańaraqtıń basqa aǵzaları) erk-ıqrarına qarsı ráwishte belgili bir háreketti ámelge asırıwdı bildiretuǵın nızamǵa qayshı fizikalıq, ruwxıy yamasa jınısıy xarakterdegi májbúrlewden ibarat háreket».*

Ózbekstan Respublikasınıń «Hayal-qızlardı kúsh kórsetiw hám zorlıqtan qorǵaw haqqında»ǵı 2019-jıl 2-sentyabrdegi Nızamında qısım hám zorlıqtan jábirleniwshiniń huqıqları belgilengen.

Qısım hám zorlıqtan jábirleniwshi tómendegi huqıqlarǵa iye:

- ózine qarata kúsh kórsetiw hám zorlıq islengeni yamasa olardı islew qáwpi haqqındaǵı arza menen tiyisli wákillikli uyımlar hám de shólkemlerge yamasa sudqa múrájat etiw;
- arnawlı oraylarda, sonday-aq, biypul telefon liniyası arqalı biypul huqıqiy másláhát, ekonomikalıq, jámiyetlik, psixologiyalıq, medicinalıq hám basqa járdem alıw;
- ishki isler organlarına qorganıw orderi beriw haqqındaǵı talap penen múrájáát etiw, qorganıw orderi shártleri buzılgan jagdayda bolsa, olardı bul haqqında xabardar etiw;
- islengen kúsh kórsetiw hám zorlıq etiw nátiyjesinde ózine jetkerilgen materiallıq zıyannıń ornı qaplanıwı hám de ruwxıy zıyannıń kompensaciya etiliwi haqqındaǵı talap penen sudqa múrájat etiw.

Zorlıq hám zorlıqtan jábirleniwshi jetkerilgen materiallıq zıyannıń ornın qaplaw hám ruwxıy zıyandı kompensaciyalaw haqqındaǵı arza

menen sudqa múrájat etkende
mámleketlik bajını tólewden azat etiledi.

## References:

1. Ózbekstan Respublikasının Konstituciyası. https://lex.uz/docs/6445145;
2. Шестаков Д.А. Семейная криминология: Криминофамилистика. –СПб.: Юридический центр пресс, 2003. –С. 175.; Алауханов Е.Х. Криминология: Учебник. –СПб.: Юридический центр пресс, 2013. –С. 236;
3. Ўзбекистон юридик энциклопедияси. –Т., 2009. – Б. 199.;
4. Узбекистан миллий энциклопедияси. Т.4. -Т., 2002. - Б. 47.;
5. Юридик энциклопедия. - Т., 2001. - Б. 171.;
6. Фалсафа: қомусий луғат. / Масъул муҳаррир: Қ.Назаров.–Т.: Шарқ, 2004. –Б. 137.;
7. Мусаев М.А. Ҳаётга карши жиноятлар: назария ва амалиёт муаммолари. - Т.: Шарк, 2011. - Б. 167.;
8. Ниёзова С.С. Шахсга карши зурлик ишлатиб содир этиладиган жиноятларнинг виктимологик назарияси (Монография). - Т.: ТДЮИ, 2011. - Б. 22.;
9. Ниёзова С.С. Шахсга карши зурлик ишлатиб содир этиладиган жиноятларнинг виктимологик назарияси (Монография). - Т.: ТДЮИ, 2011. - Б. 22.;
10. М.Х. Рустамбаев Жиноят ҳуқуқи: Махсус қисм.. Т.: ТДЮИ, 2006. –Б. 42.;
11. Тахиров Ф. Айрим хорижий мамлакатларда жинсий жиноятлар учун жавобгарлик / Масъул муҳаррир ю.ф.д., проф. М.Ҳ.Рустамбоев. –Т: ТДЮИ, 2009. –Б. 95–96.